# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–15 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

आजु पूरा प्रदेस में देव देवाली क तिउहार भव्य दीपोत्सव के वातावरण में मनावल जा रहल हौ। बनारस जिला के चौरासी घाटन पर उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ के मौजूदगी में देव देवाली उत्सव क सुरूआति भइल। ओहवां सतरह लाख दीया बारल गइल। उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़ नमो घाट क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर घाट पर अमेरिका से आइल सांस्कृतिक ग्रुप शिव तांडव नृत्य कइलें। सथहीं क्रैंकरो सो क आयोजन कइल गइल। उपराष्ट्रपति कारगिल विजय युद्ध पर आधारित आजु क खास गंगा आरतियो के देखलें। येह मौका पर प्रदेस राज्यपाल आनंदीबन पटल, केन्द्रीय पेट्रोलियम मंत्री हरदीप सिंह पुरी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो मौजूद रहलें।

**********

उत्तर प्रदेस लोक सेवा आयोग पीसीएस परीक्षा के नया तारीख क घोसणा कइ दिहले हवे। आयोग क अनुसचिव ओंकार नाथ सिंह चिट्ठी के जरिया से जनकारी दिहले हवें कि अब ई परीक्षा बाइस दिसम्बर के दुइ पाली में आयोजित कइल जाई। येह बिच्चे, आठ दिसम्बर के प्रस्तावित उत्तर प्रदेस उच्च न्यायिक सेवा परीक्षा दुइ हजार तेइसो अगिला सूचना ले टारि दिहल गइल हौ।

**********

प्रदेस के नौ विधानसभा क्ष्क्षेत्र में बीस नवम्बर के प्रस्तावित उपचुनाव बदे भारतीय जनता पारटी के ओरि सीनियर नेता अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ क परचार अभियान जारी हौ। उहां के आजु अम्बेडकरनगर के कटेहरी विधानसभा क्षेत्र अउर मिर्जापुर के मझवां विधानसभा क्षेत्र में रैली के सम्बोधित कइलें। उहां के डबल इंजन सरकार क उपलब्धी गिनावत बिपक्षी दलन पर कार न कइले क आरोप लगवलीं। ओहर, सपा प्रमख अखिलेश यादवो काल्हि प्रयागराज के फूलपुर विधानसभा क्षेत्र में रैली के सम्बोधित करत भाजपा के नीतियन पर निसाना सधले रहलें।

**********

68वां राष्ट्रीय विद्यालयीय कुस्ती प्रतियोगिता गोरखपुर क बीर बहादुर सिंह स्पोर्टस कॉलेज में बिहने से सुरू होई। एकर उद्घाटन प्रदेस क कृषि मंत्री सूर्य प्रताप शाही करिहें। अंडर चउदह श्रेणी क ई प्रतियोगिता बीस नवंबर ले चली। संयुक्त सिक्षा निदेसक सप्तंम मंडल सतीश सिंह बतउलें कि येह प्रतियोगिता में करीब साढ़े चारि सौ से बेसी खेलाड़ी सामिल होइहें। देस के हर राज्य से करीब पैंतीस टीमि भहिस्सा ले रहलि हइनि। प्रतियोगिता के ले के आजु पूर्वाभ्यास करावल गइल।

**********

गुरूनानक देव जी क पांच सौ पचपनवां जयंती आजु पूरा देस में धारमिक सरधा अउर उल्लास के साथे मनावल जा रहल हौ। सिख धरम क स्थापना करे वाला सिखन क पहिला गुरू गुरूनानक देव जी क जयंती के गुरू परब के रूपो में मनावल जाला। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ येह मौका पर आजु लखनऊ में आयोजित कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। उहां के एगो सोसल मीडिया सनेसा में कहलें कि श्री गुरूनानक देव जी महाराज समाज के एकजुट कइले के राहि पर चलले क प्रेरणा दिहलें।

**********

कातिक पुन्नवासी के मौका पर आजहु भिन्नहियें से सरधालु प्रदेस के अलगि–अलगि नदियन में स्नान कइ के पूजा–पाठ कइलें। पछिला एक महिन्ना से अजोध्या में कलपबास कइ रहल सरधालु आजु नहान के बाद वापिस लवटे लागल हवें। ओहां सरधालु नागेश्वरनाथ, कनक भवन, हनुमानगढ़ी, श्रीराम जन्मभूमि अउर श्रीराम बल्लभा कुंज मंदिर में दरसन पूजन कइलें। बनारस, प्रयागराज, बलिया, बलरामपुर, गोरखपुर, पीलीभीत, कन्नौज, हापुड़ अउर अमरोहा में सरधालु ढेरि संख्या में स्नान अउर पूजा–पाठ कइलें। कुशीनगर जिला में भगवान बुद्ध क महापरिनिर्वाण स्थली पर बौद्ध भिक्षु महापरिनिर्वाण मंदिर में खास पूजा–अर्चना कइलें।

**********

चंदौली जिला क सदर कोतवाल इलाका के जसूरी गांव के तलाब में कातिक पुन्नवासी पर नहाये गइल दुइ गो बहिन क डूबि के मउति हो गइल। ओही अलीनगर के कैली गांव में आठ सालि क बच्चियो पुन्नवासी नहान के दौरान डूबि गइलि। आखिरी खबरि मिलले ले पुलिस गोताखोरन के मदद से लइकनी के तलास में जुटल ह।

**********

प्रदेस में भइल चारि गो अलगि–अलगि सड़कि दुरघटना में नौ लोगिन क मउति हो गइल जबकि बाइस जने घाही हो गइलें। अजोध्या जिला के रूदौल थान्हा इलाका में कूड़ा सादात कट पर घुम्मत ट्रक में आजु भिन्नही एगो कार अउर ट्रेवलर क जोरदार टक्कर से कार सवार तीनि लोगि के मउत हो गइल जबकि ट्रेवलर सवार पनरह जने घाही हो गइलें।

ओहीं अमरोहा जिला के रजबपुर थान्हा इलाका में नेसनल हाईवे पर जनकपुरी के लग्गे आजु भिन्नहीं कातिक पुन्नवासी पर गंगाधाम तिगरी से स्नान कइ के वापिस लवटि रहल मोटरसाइकिलि सवार तीनि जने के बेकाबू पिक–अप ठोकरिया दिहलस, जेहसे ओहिजुकवें उनकर मउति हो गइल। एगो अउरियो दुरघटना में अमरोहे जिला के नौगांवां सादात थान्हा इलाका में मोटरवाइकिलि सवार दुइ गो सग्ग भाई के पिकप से लड़ि गइले के नाते मउति हो गइल।

फर्रूखाबाद जिला के रजपुर थान्हा इलाका में एनएचएआई क बनि रहल सड़कि पर घना कुहेसा के नाते आजु भिन्नहीं एगो रोडवेज बस अउर डम्पर के टक्कर में एगो मनई क मउति हो गइल जबकि छौ गो सवारी घाही हो गइलिनि।

**********